


ANN BAY LODYANS 2

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



PM
7854
.H39
A56
2000
v. 2

AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 2

TWA SEKRE

Te gen yon fwa yon nèg ki te pase vent an lòt bò dlo. Lè pou li retounen lakay, li te gen twa san dola. Li fè pakèt li. Li derape.

Nan gran chemen, li kontre yon tonton ki di li konsa: “Monchè, si ou ban mwen san dola, m ap ba ou yon ti sekre.”

Nèg la ki bezwen konnen, bay tonton an san dola a. Epi tonton an di li: “Zafè moun pa gade ou.”

Nèg la sezi. Li joure tonton an, epi l ale fè wout li.

Nan yon ti bout chemen, li kontre yon dezyèm tonton ki di li: “Ban mwen san dola, m ap ba ou yon ti sekre.”

Nèg la ki bezwen konnen ankò, ba li san dola a. Epi tonton an di li: “Pa janm kite vye chemen pou chemen nèf.”



Nèg la joure li. Li ale fè wout li.

Nan yon ti bout, li kontre yon twazyèm tonton ki di li: “Ban mwen san dola, m ap ba ou yon ti sekre.”

Nèg la di: “Oy, pip, sa rèd pou mwen antre lakay san senk kòb, apre vent an. Sa m ap fè la? Li reziyen li. Li bay tonton an lòt san dola a. Tonton an di li: “Toujou voye kòlè ou pou denmen.”

Nèg la pa di tonton an anyen. Li ale fè wout li.

Li mache anpil nan chemen li. Li wè yon bagay klere k ap gade li byen lwen. Li gen anvii ale wè, men li vini sonje sa premye tonton an te di li: “Zafè moun pa gade ou.”



Lamenm li fè chemen li san tounen tèt dèyè. Etan li byen lwen, yon msye kouri vini di li: “Gen yon moun k ap rele ou.” Li swiv msye a ki mennen li devan bagay klere a.

Msye a di li: “Depi tout tan bagay sa a la. Nanpwen moun k ap pase pou yo pa rete gade. E mwen te di: Moun ki pase san voye je, se li m ap fè kado bagay sa a. Men li, ou mèt pran l.”

Se te yon estati yon chwal ki kanpe anwo yon gwo kay. Andedan vant chwal la te gen anpil lò. Nèg la kontan anpil. Epi li pati ak estati a. Li mache anpil ankò, jouk fènwa tanmen ap fèt nan chemen an. Men te gen 2 vòlò k ap swiv nèg la pou y ale ansasinen li. Vòlò yo pase devan pou y al tann nèg la nan gran chemen. Konsa, nèg la te dèyè.

Rive nan kafou a, li pa konnen ki wout pou l fè pou l rive pi vit lakay li. Etan l ap kalkile, li sonje sa dezyèm tonton an te di li: “Pa kite vye chemen pou chemen nèf.” Lamenn li pran wout vye chemen. Epi vòlò yo ki t ap tann li nan gran chemen rete jouk devanjou, bèkèkè.

Nèg la mache anpil ankò anvan li rive lakay li.

Lè l rive, li pa t fin fè jou. Li ale sere estati a nan yon ti kwen nan lakou a. Epi li ale frape pòt lakay.



Men nan ti twou pòt la, li wè madanm li kouche avèk yon lòt msye. Li sezi. Li di: “Mezanmi, jan mwen renmen madanm mwen pou li fè mwen sa!”

Li fè lide pou li touye msye a, men li sonje sa twazyèm tonton an te di li: “Toujou voye kòlè ou

pou denmen.” Lamenn li kite sa. L ale dòmi nan lakou a.

Lè li fin fè jou, madanm li louvri pòt la. Li wè mari li ki kouri vini jwenn li. Lè nèg la antre andedan kay la, li wè msye li ta pral touye a. Se sèl pitit gason li an ki gen vennsenk an kounye a.

Nèg la pran estati a, li mete l andedan kay la. Lè li fin rakonte madanm li ak pitit li tout bagay, li rele byen fò:

Zafè moun pa gade ou!

Pa janm kite vye chemen pou chemen nèf!

Toujou voye kòlè ou pou denmen!

Joslin Divèje



MONT MONPÈ

Nan yon ti bouk te gen yon monpè ki te konn kite mont li sou yon ban nan legliz la, anvan li rantre nan konfesyonal la. Li te konn fè sa pou li pa t janm gen tantasyon gade lè pandan yon fidèl t ap konfese.

Yon jou, yon msye vin konfese. Li di: “Monpè, padonnen m, m fèk vòlè yon mont.” Pè a di: “Se pa ase pou ou mande padon, fò ou renmèt mont la tou.”

Nèg la mande: “Ou vle l, monpè?” Pè a reponn: “Mwen menm menm? Non, mwen pa bezwen l. Se pou ou pote l bay mèt li.”

Nèg la reponn: “Enben, mwen ofri l li, men li pa vle pran l!” Lè sa a, pè a di: “Oke, konsa pa gen pwoblèm. Ou mèt pran mont la pou ou!” Epi, li bay nèg la absolisyon.

Lè nèg la te fin ale, pè a voye je sou ban an. Li mete de men nan tèt. Epi maltèt pran l lamenm!



Chita Pa Bay

SA KONN RIVE SOUVAN

Se te yon lè, tout rat ak tout sourit te pase yon randevou pou yo te wè ki dènye desizyon pou yo pran kont chat, pou yo te ka lib. Lè jou a rive, tout rat ak sourit te reyini: prezidan, prefè, jij, konmisè, kolonèl rat. Tout te la.

Seyans la kòmanse. Konmisè a bay prefè a lapawòl. Msye kanpe, li tire ke l byen rèd, li di: “Mesyedam lasosyete, bonjou.” Tout te pran bat bravo. Msye di: “M ap pran yon desizyon pou nou. Enbyen, men sa n ap fè. N ap mete yon klòch nan kou tout chat, pou nou ka tandè lè y ap vini.” Yo tout bat bravo. Yo kontan. Yo tout di: “Wi, wi, wi!”

Menm lè a, yo te mete yon bal sou pye. Yo te danse, yo te manje, yo te bwè, yo te fè banbòch. Men sourit yo te anvè di yon ti mo - yo pa t ba yo lapawòl. Apre mizik la te fini, yon sourit kanpe devan mikwo a. Li mande: “Men kilès nan nou ki pral mete klòch la nan kou chat yo?”

Tout gwo zotobre yo te rete youn ap gade lòt. Prezidan an di: “Mwen pa ka kite palè a.” Kolonèl la di: “Madanm mwen prèt pou akouche.” Konmisè a di: “M ap fè yon rive Naso.” Prefè a di:

“Se mwen ki pran desizyon an, se pou yon lòt chèf egzekite l.” Chak chèf te prezante eskiz yo.

Se sa k fè nou wè ni rat ni sourit pa janm gen libète devan chat.

Janin Fawo



YON DÈNYE SIGARÈT?

Te gen yon nèg yo ta pral touye. Anvan yo touye li, yo mande l: “Èske ou ta vle fimen yon sigarèt anvan nou touye ou?”

Nèg la reponn: “Non, mèsì, bòs papa. Mwen fèk kite fimen! Li pa bon pou lasante m.”

Chita Pa Bay

FOTO ANPLASMAN AN

Te gen yon nèg ki t al travay Nouyòk. Chans pote pou msye: li jwenn yon pakèt kòb. Sa msye fè, li pran tout lajan sa a, li tounen isit nan peyi Dayiti Toma. Lè msye rive Pòtoprens, li achte yon tè bò Dèlma pou bati yon kay.

Msye di: “Non, m p ap bati kounye a. M ap tounen ankò nan peyi lòtbò.” Sa msye fè, li bare tè li te achte a avèk antouraj li fè avèk pikèt bwa, avèk branch pikan, bare byen bare. Apre sa, msye ale lavil la, li achte yon kodak pou l fè foto anplasman kote li te achte a, pou li pa bliye lè l tounen.

Enpi, msye fouye yon gwo twou anba yon pyebwa. Li sere tout lajan an nan twou a.

Lè msye rive Nouyòk, li bay devlope foto a pou li. Nan gade foto, msye remake te gen yon nèg sou pyebwa a.



Lenès Lagè


YON WÒB POU MADANM

Te gen yon msye ki te sot Leyogàn. Li ta prale Pòtoprens. Depi li monte machin lan, li chita ak de bra l byen ouvè. Lè pasaje yo al chita kote l, li derefize fèmen bra l pou l ba yo chita. Yo desann. Yo rele bèfchenn lan.

Lè bèfchenn lan vini, msye derefize fèmen bra l. Bèfchenn lan al rele chofè a. Chofè a di: “Msye, fèmen bra ou, pou moun yo kab chita.”

Msye a di: “Konben ou mande pou plas la?” Chofè a di: “10 goud, men chak bra ou pran yon plas. Sa fè 30 goud.”

Msye a dakò. Tout moun ki monte machin lan t ap gade l.



Lè machin lan derape, li rete konsa jis li rive Pòtoprens. Lè tout moun desann, li desann tou avèk de bra l tou ouvè. L al jwenn chofè a, li di l: “Foure men ou nan pòch mwen. Ou a wè yon 50 goud. Touche 30 goud, epi mete 20 goud nan pòch mwen.”

Li mache nan lari a konsa. Tout moun t ap gade l. Y ap di nan kè yo: “Ki moun fou sa a?”

Li antre nan yon magazen avèk bra l tou ouvè. Tout moun nan magazen an ap gade l. Yo mande l: “Kisa ou bezwen?” Li di yo: “M vin achte yon wòb pou madanm mwen. Men lajè ren l.”

Tout moun te pran ri. Li te fèmen bra l, epi li ale.

Bili Bazil, Senta

BOUKI AK CHEN LI

Yon jou Ti Malis te ale lakay Bouki. Li te sezi anpil lè l jwenn Bouki ki t ap jwe domino ak chen li. Apre Ti Malis te gade yo byen gade yon bon ti moman, li di: “M pa janm wè yon chen entelijan konsa, papa!”

Bouki reponn: “Ou kwè sa? Ou twonpe ou! Nan kat pati, m bat li twa fwa deja.”

Chita Pa Bay

ONZYÈM KÒMANNMAN

Se te nan yon peyi nan tan lontan. Yon Monseyè te vle wè li menm nan ki degre lafwa pawas li yo te ye. Li degize li sou fòm yon pòv k ap mande lacharite. Enpi li kòmanse vizite tout legliz ak presbitè nan dyosèz li. Anpil fwa, li sezi wè divès bagay ki pa kòrèk, toutafè lekòtrè sa yo te konn montre li, lè li vin fè vizit ofisyèl pou lakonfimasyon.

Yon samdi swa, li rive nan yon presbitè. Gouvènans la ba li soupe. Pè a kòmanse mande li keksyon katechis. Li mande li: “Konben kòmmanman Bondye ki genyen?” Monseyè a reponn li: “Onz.”

Te gen yon timoun ki te la. Pè a mande li menm keksyon an. Li menm, li reponn touswit: “Dis.”

Sèvan la move atò sou pòv la. Li di li: “Ou pa wont pou laj ou, pou kreten kon sa nan katechis ou. Ou deja fin granmoun; talè Bondye kapab rele ou.”

Pòv la chita bò dife a, san li pa fè okenn repons. Pou li dòmi, yo fè li monte nan galta a, sou tèt chanm kire a. Anvan li ale kouche, Monseyè a pran resite lapriyè diswa li byen fò. Lè pè a tande

sa, li monte pou li koute. Se pa ti sezi li sezi. Li frape nan pòt la, epi li di etranje a: “Men, se pa yon pòv ou ye! Di mwen kijan ou rele.”

Monseyè a rete yon bon moman san li pa di anyen. Alafen, li deklare pè a ki moun li ye, men li refize asepte yon lòt chanm. Pou li konsole kire a, li pwomèt li pou li preche nan lamès la, landmen dimanch.

Lè li monte nan chè a pou li preche, devan tout fidèl yo nan dimanch maten, li site touledis kòmmanman yo. Epi li di: “Nou menm, patizan Jezikri, nou genyen yon lòt kòmmanman ankò. Sonje Kris te di nou nan levanjil Jan, chapit 13, vèsè 34: “M ap ban nou yon kòmmanman nouvo: Se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an. Si nou youn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye.” Wi, chè frè m yo, chè sè m yo, sa fè nou genyen yon onzyèm kòmmanman.”

Pè Emon Seza, kire Delat

LANBISYON TOUYE RAT

Te gen yon tan afè Nonk Bouki pa te bon ditou. Pwoblèm jwenn manje toulejou a se te yon pakèt afè. Men Malis te dekouvri yon sekre. Nan yon jaden bare nèt ak mi, te genyen tout sa bouch kapab manje. Jaden sa a, se te pou Wa, e se la Malis te konn ale fè pwovizyon li chak twa zè di maten.

Yon jou gwo midi, Nonk Bouki ale lakay Malis. Tout fanmi Malis te rasanble lakizin. Pi gwo chodyè nan kay la te sou dife. Tout moun t ap tann manje kwit pou separe.

Nonk Bouki sezi. “A! frè Malis, zafè gen lè pa twò mal bò isit! Bò kay pa m lan, se lanmò sèlman ki rete pou nou. Depi kèk jou chodyè pa wè dife. Rakonte m, tanpri, ki debouyay ou fè.”

Malis reponn: “Nonk, vin jwenn mwen devan jou. Mwen va fè kichòy pou ou. Sèlman, vini avèk yon ti panye.”

Depi minwi, Nonk Bouki te sou pye. Li pran kat panye ak twa sak. Frè Malis leve, ti panye li anba bra l. Rive devan baryè jaden Wa, Malis kanpe. Li byen gade: pyès moun. Malis di: “Nonk, gade byen sa m ap fè a.” Bouki reponn: “Wi frè, pa toumante

ou.” Malis mete ajenou. Li gade syèl la fiks. Li di: “Mi wo!” Baryè a ouvè, epi yo antre. “Mi ba!” Baryè a refèmen. Byen vit Malis te fin fè ti pwovizyon li. Pànye li pa t gwo.

Malis di: “Nonk, nou fini, wi. Li lè pou n ale.” Bouki reponn: “Non frè, tann yon ti moman, mwen rete twa sak.” Malis di: “Nonk, mwen pa ka rete. Lè ou bezwen soti, ou a fè menm jan ak mwen.” Bouki reponn: “Frè, pa toumante ou.”


Lè Bouki fin plen tout pànye ak sak li, li rive devan baryè a. Li mete ajenou. Li di: “Mi wo! mi ba!” Baryè a ouvè, men li refèmen menm moman. Bouki pèdi tout tan li nan kondisyon sa a.

Jou bare li. Jeran Wa soti sou Bouki. Yo mare msye. Yo ba li yon je baton.


Lè anbisyon monte yon moun, li vle twòp bagay yon sèl kou. Se malè ki rive li. Ti vi dirab pi bon pase gran vi ki pa dirab.



ISTWA 2 KABRIT



Bondye bay kont manje pou toulede.




1—Monchè, chak koukouy klere pou je li, tande!



2—Ki mele m avè ou, denpi m jwenn pa m lan!



Si nou ta antann nou, nou ta mete nou dakò?



Men anpil, chay pa lou.

KU BOOKSTORES \$2.00
0-8400-5110-7



FREEMAN, BRYANT
ANN BAY LODYANS VOL.2



Yo manje vant deboutonnen.

GCON 02/23/01